

Konsep Watu Gilang ing Panguwasa Jawa

Ature : Heri Priyatmoko



Watu gilang kang disebut-sebut tilas palungguhane Panembahan Senapati. Ing kono, ujure kandha, mustakane Ki Ageng Mangir Wanabaya dijeblesake engga prapteng lampus.

Masyarakat bakal mapag pilkada ing satengahé pageblug corona 9 Desember 2020. Umume ing pasamuhan cilik lan gedhe, tim sukses para calon gubernur, bupati, utawa walikota siyap dhelikan mbujuki masyarakat supaya aja nganti lali coblos "juragane" pas acara pilkada mbesuk. Dhuwit sekarung diudokne supaya bisa lungguh ing kursi panguwasa.

Ing kawruh sujarah, "kursi" kuwi warisane penjajah Walanda. Sejatine,

bangsa Jawa (Indonesia) duwene watu. Panjenengan sedaya wis tau krungu watu gilang? Panulis kelingan sawatara taun kepungkur Gusti Kanjeng Ratu (GKR) Pembayun blaka suta marang juru warta sadurunge sinengkakake ngaluhur minangka GKR Mangkubumi. Pembayun ngakoné awake ndredheg nalika Ngarsa Dalem utawa Sultan Hamengku Buwana X, sing uga ramane dhewe, paring dhawuh supaya lungguh ing watu gilang. Pembayun mudheng durung nate ana priayi kang nglungguhi watu gilang kasebut sawise Sultan Hamengku Buwana X kapilih minangka pangeran pati tanggal 7 Maret 1989.

Ana papan mligi kanggo Sri Sultan jumeneng nata, yaiku dhampar kencana. Para putri lan kratat lungguh

adhep-adhepan karo Sri Sultan. Ing dheretane para putri mau ana kursi kayu kadeleh ndhuwur watu, katutup karpet abang lan disebari kembang mlathi. Watu iku diarani watu gilang, papan kanggo misudha pangeran pati. Ndudhah riwayat sujarah

Mataram Islam, watu gilang tau dadi palungguhane Panembahan Senapati. Wernane ireng tuntheng. Mustakane Ki Ageng Mangir Wanabaya ditatapake (dijeblesake) watu iku engga prapteng lampus. Sanajan mung arupa watu kang wujudé ala, watu gilang ing sujarah Jawa mujudake kursi asli bangsa kita sedurunge maneka warna kursi gaya Barat diimpor lan mbanjiri Nuswantara.

Ing wewengkon Tuban, ana watu gilang kang cerak karo makam wali, lan nganti seprene dadi pundhen kang ajeg diparani pajiyarah. Kajaba Tuban, ing Sendhangduwur uga ana watu gilang kang abot lan sigar tengage, mapan ing ngisor wit randhu. Sandhuwure watu kang wis lumuten kuwi tinemutulis aksara Jawa, nanging wis ora bisa kewaca.

Ing Kutha Gedhe, persise ing ngarep pasareyan Astharengga, watu gilang tinggalane raja Mataram kerep dadi tujuwan wisata sujarah, klebu turis manca. Turis ora ngalap berkah, nanging pengin weruh riwayat ing suwalike petilasan kang dikramatke para warga iku. Beda karo warga, saben malem Jumuwah Kliwon akeh priayi golek wangsit lan weninge batin



Watu Gilang ing Baturetno, Bantul.

Sejarah



Pendhapa Watu Gilang ing Situs Sangiran, Saradan, Kabupaten Madiun.

ing petilasan.

Watu gilang dadi seksi nalika Kutha Gedhe kapilih dadi kutha raja Mataram kanthi nenimbang jinise lemah, tandhon banyu kang kimplah-kimplah kanggo uripe masarakat kraton, lan jumlah warga. RPA Suryanto Sastroatmodjo ing buku asesirah *Bunga Rampai Esai tentang Lelaku Priayi Jawa* (2008) ngandharake, watu gilang tau dadi papan sarene Raden Sutawijaya rikala tapa lan ditemoni lintang johar utawa wahyu keprabon. Pratantha menawa Ngabehi Loring Pasar mau kang bakal dadi ratu. Nalika Raden Sutawijaya mbangun Krajan Mataram Islam, watu gilang kasebut dipindah ing wewengkon Kutha Gedhe.

Dhampar Kencana

Watu gilang tetep dikormati lan dianggep sakral sanajan ratu Mataram duwe dhampar kencana. Iku dudu sembarang kursi lan nir makna. Miturut panalitene Eddy Suprayitna Marizar (2013), kursi kang umure tuwa iku bentuke dhudhukan segi papat, simetris lan digubel kain warna ijo tuwa. Sikil kursi cacah papat awangun pipa bunder, wernane kuning emas. Dideleng saka rupane, rancake mirip bangku (*stools*), yaiku kursi sikil papat tanpa aling-aling kanggo senden geger lan nyelehake tangan.

Jumeneng ing kursi kramat, sultan


dianggep dadi pusering doya. Raja jumeneng disangga sikil kursi bunder kang simetris, uga bisa digandheng cenengake konsep keblat papat lima pancer (mancapat). Konsep panguwasan Jawa iku sairama marang tata panggonan lan bentuk dhasar wewangunan kraton kang kebak dening makna simbolik manunggal lan nyawiji. Sikil dampar kencana cacah papat simbuling nyangga abot-entenge panguwasane raja.

Kasultanan umume nduweni poncod beteng cacah papat mubeng bentuke kaya sikil dhampar kencana. Sikil papat lan lungguhan ing tengah dadi punjer, adhedhasar konsep mancapat lan mandala. Makna simbolike, raja dadi puser panguwasa sumbu lor (utara), kidul (daksina), kulon (pracima), lan wetan (purwa).

Wujude kursi kaya konsep kraton Yogyakarta kang dianggep replika alam ndoya (makrokosmos). Katentremen krajan lan alam ndoya bisa diwujudake kanggo cara kraton kang nggambarake jagad gedhe ing wujud cilik (mikrokosmos). Kraton mapan ing tengah poros doya uga diwujudake ing gelar kang disandhang dhinasti Mataram Islam. Kayata, Paku Buwana lan Paku Alam. Banjur gelar Hamengku Buwana lan Mangkunegara dimaknani momong lan ngrungkebi ndoya. Mula, sultan mikul jejibahan ngrumat donya supaya ora gonjang-ganjing.

Ringkese atur, pamimpin utawa tokoh politik kudu saguh njaga watu gilang mau sawise bisa nglungguhi. Ora malah tumindak adigang, adigung, lan adiguna. Uga tega nggarong dhuwite negara kanggo mentingke kanthong pribadi lan klompoke.

(Penulis Dosen Sejarah Universitas Sanata Dharma Yogyakarta)



Watu gilang tinggalane Kraton Surosowan, Banten. Rumuhun kanggo misudha raja Surosowan. (Foto-foto repro)